

ENFÒMASYON SOU BIWO A

Dat pwosedì a:

Lè pou pasyan an rive:

Ki kote:

Preparasyon entesten pou kolonoskopi ak MoviPrep

Kolonoskopi se yon pwosedì ki pa fè mal, ki woutin epi anjeneral ki san danje yo itilize pou egzamine kolon an. Gen etap oumenm, antanke pasyan an, ou fèt pou w pran li anvan pwosedì a, pou w kapab asire yon nivo maksimòm sekirite ak efikasite.

- 1 Fè aranjman pou w gen yon moun ki pou kondui w lakay ou apre pwosedì a
 - Lè yo administre yon kolonoskopi, yo mete pasyan an sou kalman, kidonk yo p ap kite w sòti lopital la poukont ou
- 2 Swiv enstriksyon doktè w la ba w yo konsènan medikaman pou w evite ak rejim alimantè pou w swiv anvan pwosedì w la
- 3 Fini avèk rejim preparasyon pou entesten an annantye jan yo dekri l nan paj swivan an



MoviPrep disponib nan pifò famasi ki vann andetay. Si famasi kote w abitye ale a pa gen MoviPrep, yo ka kòmande l epi livre l sou 24 èdtan.

Enfòmasyon pou famasyon ou: NDC 65649-201-75

MoviPrep®
(PEG-3350, Sodium Sulfate, Sodium Chloride, Potassium Chloride, Sodium Ascorbate and Ascorbic Acid for Oral Solution)

**Low-Volume Prep.
High-Volume Efficacy.**

Enstriksyon pou pasyan an


Katon MoviPrep la gen ladan l 4 sak ak yon resipyan pou fè melanj lan e pou w jete lè w fini. Ou fèt pou w konplete tout preparasyon an pou asire netwayaj la fèt ak efikasite maksimòm.

Kòmmanse nan:

ETAP 1


- Vide 1 Sak A ak 1 Sak B nan resipyan pou w jete a
- Ajoute dlo potab tyèd jiskaske l rive sou liy anlè resipyan an. Melanje pou disoud

Si w pito fè sa, melanje solisyon an anvan epi mete l nan frijidè anvan w bwè l. Ou fèt pou w itilize solisyon ki melanje a nan 24 èdtan.



ETAP 2

- Gen 4 mak ki divize resipyan MoviPrep la. Chak 15 minit, bwè solisyon an jouk li rive nan pwochen mak la (apeprè 8 ons), jiskaske lit annantye a konplè
- Bwè 16 ons likid klè ou vle



Kòmmanse nan:

- Fè etap 1 ak 2 ankò

Si w gen nenpòt ki kesyon, tanpri rele biwo nou an nan _____.

MoviPrep deziyen pou netwaye kolon an kòm yon preparasyon pou kolonoskopi sou adilt ki gen 18 tan oswa plis. MoviPrep pa rekòmande pou pasyan ki te gen yon reyaksyon ipèsansibilite ki grav a nenpòt nan konpozan l yo. Se pou yo itilize MoviPrep avèk prekosyon lè yo administre l bay pasyan kap itilize medikaman an konbinezon ak medikaman prensipal la e ki ogmante risk pou yo gen anomali elektwolit, se pou yo itilize l ak prekosyon tou lè yo administre bay pasyan ki genyen oswa yo sispèk ki genyen iponatremi, rekto-kolit emorajik grav, oklizyon entestinal, blokaj gastwo-entestinal oswa pèforasyon, retansyon gastrik, kolit toksik, megakolon toksik, oswa defisyans glikoz-6-fosfat deydwojenaz. Nan esè klinik yo, reyaksyon negatif ki te rive piplis yo nan administrasyon MoviPrep la se te: distansyon (tansyon) abdominal, malèz nan twou dèyè, laswaf, noze ak doulè nan vant.

MoviPrep gen ladan yon maksimòm de 2,33 mg fenilalanin nan chak tretman.

Tanpri, revwa Enfòmasyon konplè sou preskripsyon MoviPrep la ki vin ak dokiman sa a.



Sit wèb: www.salix.com 1700 Perimeter Park Drive, Morrisville, NC 27560 Telefòn • 866.669.SLXP (7597)
©2007 Salix Pharmaceuticals, Inc. Tout dwa rezève. Enprime Ozetazini. MOV 07/21

MoviPrep[®]
(PEG-3350, Sodium Sulfate, Sodium Chloride, Potassium Chloride,
Sodium Ascorbate and Ascorbic Acid for Oral Solution)

Low-Volume Prep.
High-Volume Efficacy.